

.....

CHAPIT 11

Pasaj: premye etap nan tranche a

Nan chapit sa a:

Ki sa'k pase nan premye etap tranche a	167
Jan tranche a ka vini nan premye etap la.....	168
Lè w ou fèk rive	168
Soutni manman an nan premye etap la	169
Manyen /Masaj	169
Rele	169
Respire	170
Siy pou fanmsaj la tcheke nan premye etap la	170
Pozisyon ti bebe a	170
Batman kè ti bebe a	172
Kase lezo	174
Poul manman an	178
Tanperati kò manman an	178
Tansyon manman an	180
Emoraji pandan tranche a	183
Doulè nan matris b.....	183
Siveye siy pwogrè yo.....	185
Tranche twò long	186
Mwayen san danje pou fòse tranche a	191

Pasaj:

Premye etap tranche a




Premye etap tranche a (yo rele l dilatasyon) kòmanse lè kontraksyon yo kòmanse louvri kòl matris la. Li fini lè kòl matris la fin louvri nèt. Premye etap la se pati ki pi long nan tranche a, men kantite tan an pa menm pou tout akouchman. Premye etap la ka diri mwens pase inèdtan, konsa tou li ka dire yon jou ak yon nwit oswa plis

Sa k pase nan premye etap tranche a

Premye etap tranche a gen 3 pati: tranche frèt, tranche cho, ak fen tranche.

Nan **tranche frèt** la, òdinèman kontraksyon yo modere e yo kout (yo dire anviwon 30 segonn) epi yo vini chak 15 oswa 20 minit. Manman an plis santi kontraksyon sa yo anba vant li oswa nan do l. Kontraksyon yo ka fè mal men pa twòp; yo vini tankou lakranp lè fanm nan gen peryòd li, oswa doulè a ka tankou lè ou gen dyare. Konsa tou, kontraksyon sa yo konn pa fè mal ditou – lè sa a fanm nan plis santi vant li ap peze oswa l ap sere. Òdinèman, manman an ka mache, pale, epi travay lè li gen kontraksyon sa yo.

Plis tranche ap kontinye, kontraksyon yo dire plis; Yo vin pi fò, e pi souvan. Kontraksyon yo vini chak 3 a 5 minit. Sa rele **tranche cho**. Pou pi fò fanm, doulè tranche a ap vin pi rèd lè sa a. Òdinèman, manman an bezwen sispann tout sa li t ap fè pou l ka byen siveye kontraksyon an. L ap bezwen repose paske li ka santi l lè yon kontraksyon vin pase epi yon lòt pòko kòmanse.



Nan **fen tranche** a, kontraksyon yo ka dire anviwon yon minit edmi, nan yon espas 2 a 3 minit ant yon kontraksyon ak yon lòt. Kèk fwa, manman an santi kontraksyon yo pa janm rete. Men si ou mete men w sou vant li, ou ka santi matris la mou, epi li vin di ankò.

Jan tranche a ka vini nan premye etap la


Gen anpil fason diferan tranche a ka vini:

- Gendelè, kontraksyon yo fèb nan kòmansman tranche a, answit yo kontinye ap vin pi fò pandan plisyè èdtan.
- Gen tranche ki kòmanse byen dous, answit ki vin byen cho yon sèl kou.
- Gen tranche ki vin fò depi nan kòmansman an, answit ki vin fèb oswa yo sispann nèt; apresa, tranche a vin fò ankò.
- Gen tranche ki vini nan lòt fason diferan.

Tout kalite tranche sa yo bon toutotan yo vin fò ase pou louvri kòl matris la nèt.

Lè ou fèk rive

Lè ou rive nan yon akouchman, mande manman an kouman li santi l. Asire w kote li ap akouche a pwòp epi ranje tout materyèl yo. Tout zouti pou akouchman an, epitou zouti ki ap sèvi pou koupe kò fanm nan dwe esterilize.



Pale ak fanm nan ak tout fanmi l pou asire w yo ka toujou jwenn asistans medikal nan ka ijans.

Lave men w byen pwòp pandan 3 minit (gade paj 53); epitou moun ou konnen ki ka touche zouti yo, vajen manman an, oswa ti bebe a, pou yo lave men yo menm jan an tou

Nòt: Men pwòp pa rete pwòp pandan anpil tan. Apade vajen manman an, si w manyen yon lòt bagay ou dwe lave men w ankò.



Lave men w epi chanje gan yo apre ou fin touche pou pou oswa nenpòt lòt bagay.

Manman an dwe benyen tou. Si gen mwayen, li dwe lave vajen l, men l e tout kò l depi nan kòmansman tranche a

Eksplike fanm nan ak tout fanmi l tout sa ki ka pase pandan akouchman an, epi reponn tout kesyon yo genyen. Chwazi yon manm nan fanmi an ki ka bay èd nan ka ijans, epi eskplike moun sa a ki jan w ap bezwen pou l ede ou


Ede manman an lache kò l nan premye etap la

Tranche a ka pi difisil lè fanm nan gen kè sote oswa lè l redi kò l. Lepli souvan, fanm yo toujou pè lè yo gen tranche, sitou pou fanm ki sou premye pitit yo. Lè w ede fanm nan konprann doulè se yon bagay nòmal, sa ka kalme kè sote l genyen. Anpil fwa, sa ki pi enpòtan se ede fanm nan lache kò l.

Manyen/Masaj

Manyen fanm nan pandan tranche a ka ede, men chèche konnen ki fason l vle w manyen l. Men kèk kalite fason anpil fanm renmen pou manyen yo:

- Kenbe tay li byen fèm lè yon kontraksyon fin pase epi yon lòt poko kòmanse



- Lè yon kontraksyon fin pase epi yon lòt poko kòmanse, bay manman an masaj, sitou nan pye oswa nan do. (Pa ba l masaj nan vant li. Sa p ap fè tranche a ale pi vit, epi sa ka lakòz manmanvant lan separe ak matris la.)

- Mete yon twal cho oswa frèt sou tay li osinon sou vant li. Si manman an ap swe, mete yon twal mouye ak dlo frèt sou fon l pou li ka santi li mye.



Rele

Lè fanm nan ap rele pandan tranche, sa ede pasaj la louvri. Se pa tout fanm ki renmen fè bwi, men ankouraje yo pou yo rele.

Rele byen ba, tankou bri yon bèt ki ap gwonde oswa fredone ka ede fanm nan anpil. Gen fanm ki pito chante. Fanm nan mèt rele toutotan l kapab.



Gen rèl ki ka fè fanm nan redi kò l plis. Rèl pike ak rèl ki twò fò pa bon. Si fanm nan kòmanse fè gwo rèl pike, mande l pou l rele pi ba. Ou ka moutre l kouman pou l fè.

Respirasyon

Fason yon fanm respire ka fè gwo efè sou jan tranche a vini. Nan premye etap tranche a, gen anpil fason fanm nan ka respire pou pèmèt tranche a pi fasil. Eseye fason sa yo ou menm.



Respirasyon dous e poze: mande fanm nan pou l respire byen poze. Pou l respire deyò, li dwe fè bouch li tankou li ta ap bo ak lè li, epi pouse souf li byen dous. Lè l kenbe souf la nan nen li, sa ka ede l respire byen dous.

Respirasyon yii: Sa vle di fanm nan bezwen respire byen fon e byen poze, answit pouse souf li deyò byen kout e byen vit pandan li ap fè son “yii,yii”.

Batman kè / palpasyon: fanm nan respire vit, men byen lejè.

Gwo souf: souf fanm nan fò e l rapid




Ankouraje manman yo pou yo eseye respire plizyè fason pandan tranche a.

Siy fanmsaj la dwe tcheke nan premye etap la

Lè ou fèk rive nan yon akouchman, osinon lè manman an vin jwenn ou, ou dwe chèche wè si li menm ak ti bebe a an sante, epi chèche wè si gen move siy. Gen kèk siy ou ka bezwen tcheke yon sèl fwa, pa egzanp pozisyon ti bebe a. Gen kèk lòt siy w ap bezwen tcheke plis pase yon fwa – epi genyen w ap tcheke pi souvan pase lòt. Si ou konnen kouman pou ou fè egzamen vajan, ou ka tante fè l pou chèche konnen nan ki nivo tranche a ye. Men sonje chak fwa ou met dwèt ou (oswa nenpòt lòt bagay) anndan vajan fanm nan, gen plis chans pou l trape enfeksyon. Chèche jwenn lòt fason pou konnen nan ki nivo tranche a ye.

Siy pou w tcheke nan premye etap la

- Pozisyon ti bebe a.....lè w fèk rive kote manman an gen tranche a
- Batman kè ti bebe a.....chak inèd tan
- Poul manman anchak 4 èd tan
- Tanperati manman an.....chak 4 èd tan
- Tansyon manman an.....chak inèd tan



Tcheke tout siy sa yo pi souvan sizoka ta gen move siy.
Si w kapab, ekri rezilta ou jwenn nan chak fwa ou fin tcheke.

Pozisyon ti bebe a

Li ta saj pou w verifye nan ki pozisyon ti bebe a ye depi nan kòmansman tranche a (gade paj 135 pou aprann kouman pou fè sa). Lè w verifye nan ki pozisyon ti bebe a ye, sa fè w konnen:


- Si ti bebe a chavire tèt anba, epi ki kote fas li ye
- Si ti bebe a desann nan basen manman an.

Èske ti bebe a chavire tèt anba? Ki kote l bay fas li?

Pifò ti bebe yo chavire tèt anba, yo bay fas swa dèyè manman an oswa sou kote. Pozisyon sa a pi bon pou ti bebe a, paske dèyè tèt li peze sou kòl matris la e sa ede tranche a vin pi cho.


Si ti bebe a tèt anba, men li bay fas devan vant manman an, tranche a ka pi long. Men òdinèman, ti bebe ki nan pozisyon sa a fèt san pwoblèm. Si ti bebe a pa chavire tèt anba, gade paj 190.

Si ti bebe a bay fas sou kote oswa dèyè manman an òdinèman manman an santi doulè a sou devan



Si ti bebe a bay fas devan manman an, manman an ap santi doulè a nan tay li.

Èske ti bebe a desann nan basen manman an?



This baby is still high.

This baby is low, or engaged.

Pandan prèske tout peryòd gwosès la, ti bebe a rete anlè sou basen manman an. Nan dènye mwa gwosès la, osinon nan kòmansman tranche a, òdinèman tèt ti bebe a kòmanse desann nan basen manman an. Lè sa rive, yo di tèt la nan direksyon pasaj la. Lè tèt ti bebe a nan direksyon pasaj la, se yon bon siy, paske òdinèman sa vle di ti bebe a ap ka pase nan pasaj manman an.

Verifye si ti bebe a pran direksyon pasaj la nan basen manman an osinon si l twò nan vant manman an:


1. Chèche zo basen manman an (yon ti kras anba cheve l)



2. Chèche tèt ti bebe a. Si w santi gen yon koube ki kòmanse sou zo basen an, sa vle di tèt ti bebe a pa nan direksyon pasaj la



3. Si sou kote tèt ti bebe a ale tou dwat epi w pa santi koube la lè w manyen, li pwobab pou tèt li nan direksyon pasaj la.



Si tranche a cho, epi tèt ti bebe a toujou twò wo, basen manman an ka twò piti osinon tèt ti bebe a ka nan move pozisyon. Siveye siy pwogrè yo, sitou si se premye pitit manman an epi tèt la pa nan pozisyon (gade paj 189 pou w jwenn rezon ki lakòz yon ti bebe pa ka pase nan basen manman l). Si manman an kase lezo pandan tèt ti bebe a toujou twò wo, kòd lonbrit la ka desann devan tèt ti bebe a (lonbrit la pase an travè, gade paj 176). Sa a se yon gwo danje pou ti bebe a.

Batman kè ti bebe a

Koute batman kè ti bebe a yon fwa chak inèd tan pandan tranche a, osinon pi souvan si gen yon pwoblèm. Gade paj 139 sou kouman pou w tcheke batman kè ti bebe a.

Lè ki pi bon pou w koute batman kè ti bebe a se toutswit apre yon kontraksyon. Lè ou koute batman kè ti bebe a, sa pèmèt ou genyen enfòmasyon sou pozisyon l ak sou sante l

Nòt: Si w pa ka tande batman kè ti bebe a pandan yon kontraksyon, òdinèman sa pa vle di kè l rete. Sa senpman vle di mi ki separe matris la vin pi près pandan kontraksyon an, alò li difisil pou w tande batman kè a; sa vle di tou kontraksyon an deplase ti bebe a pi lwen zòrèy ou e sa lakòz ou pa tande kè l. Si w ka tande batman kè ti bebe a touswit apre yon kontraksyon, epi sa ou tande a nòmal, li pwobab l te nòmal pandan kontraksyon an tou.

Pozisyon ti bebe a

Lè w chèche plas kote kè a bat pi fò, sa ede w konnen si ti bebe a tèt anba, si l tèt anlè, oswa sou kote. Gade paj 135.

Sante ti bebe a

BON SIY Jeneralman, kè tout ti bebe bat ant 120 a 160 fwa nan yon minit pandan tranche. Kè a ka bat vit oswa dousman. Gen kèk fwa, kè a ka menm bat 180 fwa nan yon minit oswa 100 fwa nan yon minit. Nan fen kontraksyon an osinon si manman an chanje pozisyon, batman kè a dwe retounen nan nòmal li.


MOVE SIY Kè ti bebe a bat mwens pase 100 fwa nan yon minit, osinon plis pase 180 fwa nan yon minit.

Kè ti bebe a bat dousman – mwens pase 100 fwa nan yon minit, oswa mwens pase 120 fwa nan yon minit pandan plizyè minit.

Bagay sa yo ki pral site la a ka lakòz kè ti bebe a bat mwens pase 100 fwa nan yon minit:


- Kòd lonbrit la kout anpil oswa li twò jennen.
- Ti bebe a pa an sante.
- Pa gen ase dlo nan matris manman an ki pou pwoteje ti bebe a.
- Manmanvant lan pa fonksyone byen sitou lè tansyon manman an wo oswa ti bebe a vin an reta.
- Manmanvant lan separe ak matris la.
- Kontraksyon yo twò fò (sa pa rive souvan nan tranche ki nòmal. Men, lè yo bay yon fanm remèd pou fòse tranche a, li fasil pou kontraksyon fanm nan vin twò fò).

Si w ta remake kè ti bebe a bat dousman apre yon kontraksyon, answit li vin retounen nòmal, ti bebe a ka nan pwoblèm. Nan ka sa a, chèche koute plizyè kontraksyon youn apre lòt. Si batman kè ti bebe a nòmal apre anpil lòt kontraksyon, li pwobab ti bebe a byen. Mande manman an pou l chanje pozisyon pou l ka pa peze twòp sou kòd lonbrit la. Apresa, koute ankò pou verifeye si chanjman sa a ede, epi kontinye kontwole batman kè ti bebe a souvan pandan rès tranche a pou w konnen si l desann ankò.




Si kè ti bebe a bat mwens pase 100 fwa nan yon minit, epi l konsa jiskaske yon lòt kontraksyon kòmanse osinon prèske kòmanse, ti bebe a an danje. Sa sitou rive si te deja gen move siy, tankou pa egzanp fanm nan bay dlo tou vèt oswa tranche a long. Ti bebe a ka fèt ak anpil feblès oswa sèvo l ka domaje.

Ou dwe panse ak ki distans ou ye ak yon sant sante, epi deside nan konbyen tan ou panse manman an ap akouche. Si lè akouchman an prèske rive epi manman an pre pou l pouse, li ka pi bon pou l rete lakay epi akouche pitit la byen vit.



Osinon, menmen manman an nan yon sant sante pou l ka jwenn asistans medikal. Mete manman an nan pozisyon sou jenou l, an menm tan fè l apiye sou pwatrin li, tèt li repoze atè a, epi tay li anlè. Pozisyon sa a ka ede ti bebe a jwenn plis san ak oksijèn.

Si w kapab, li ta bon pou ou bay manman an oksijèn.



• Bay 6 lit (L) oksijèn chak minit

Kè ti bebe a bat vit – plis pase 180 fwa nan yon minit

Bagay sa yo ki pral site la a ka fè kè ti bebe a bat vit anpil, plis pase 180 fwa nan yon minit:


- Manman an dezidrate (gade paj 159).
- Manman an oswa ti bebe a trape yon enfeksyon (gade paj 179).
- Manman an ap bay san (gade paj 183).(see page 183).
- Tranche manman an twò long (gade paj 186).
- Matris manman an chire (gade paj 184).

Si kè ti bebe a kontinye bat twò pandan 20 minit (oswa pandan 5 kontraksyon), chèche jwenn asistans medikal.

Kase lezo

Òdinèman, fanm nan kase lezo prèske nan fen premye etap tranche a. Men li ka kase lezo nenpòt lè – swa nan kòm yon sous ki jayi. Gen fwa tou li senpman degoute tou piti

Lè w rive nan akouchman an, mande manman an si l gen tan kase lezo. Si l pa konnen, gade si vajen l ak twal ki anba l yo mouye. Piske twal sa yo ka mouye swa ak dlo oswa pipi, pran sant yo pou w wè si yo gen sant pipi.



If the paper turns blue or purple, the wetness is waters.

Osinon, si w gen papye nitrazin, mete papye a sou pati ki mouye a. Si papye a rete ak koulè jòn abriko, sa vle di twal la mouye ak pipi. Si papye a vin koulè ble oswa mov, li pwobab se dlo. (dlo ak pipi ka melanje ansanm. Si papye a ret jòn abriko oswa likid la gen sant pipi, men ou panse kan menm manman an gen tan kase lezo, kite yon tan pase, epi tcheke l ankò.)

Koute batman kè ti bebe a touswit apre manman an fin kase lezo. Si kè ti bebe a bat mwens pase 100 fwa nan yon minit, chèche jwenn asistans medikal.

Verifye koulè dlo a

Lè manman an kase lezo, dlo sa a dwe klè oswa koulè a dwe atire sou woz. Si genyen tach blanch nan dlo a se pa yon pwoblèm. Men si dlo a gen koulè jòn oswa vèt, se yon move siy. Sa vle di ti bebe a deja fè poupou anndan matris la. Pafwa ou ka wè ti moso poupou yo nan dlo a.

Pandan gwosès la, poupou kòmanse fòme nan kò ti bebe a, men òdinèman ti bebe a fè premye poupou l apre li fin fèt. Premye poupou ti bebe a tankou goudwon ak lakòl. Premye poupou ti bebe a rele mekonyòm.

Lè gen poupou nan dlo a, petèt se yon siy ki vle di ti bebe a gen pwoblèm. Se yon danje tou si poupou a antre nan bouch ti bebe a oswa nan nen l. Lè ti bebe a kòmanse respire, poupou lakòl sa a ka antre nan poumon l. Li ka difisil anpil pou ti bebe a jwenn ase lè (oksijèn) pou l respire, e kèk fwa sa lakòz enfeksyon nan poumon, domaj nan sèvo, oswa lanmò.

Kisa k pou fèt

Gade dlo a byen. Si dlo sa a ta gen koulè jòn pal oswa vèt, epi pa gen lòt move siy, sa vle di ti bebe a te deja fè pou pou kèk tan e li pwobab ti bebe a pa gen pwoblèm. Kouste batman kè ti bebe a pandan tout tranche a epi siveye si pa gen lòt move siy.

Si koulè dlo a ta vin twò nwa, près, oswa l ta gen ti moso mekonyòm (pou pou) ladan l, chèche jwenn asistans medikal. Yon sant medikal dwe genyen zouti pou netwaye bouch ti bebe a ak poumon l lè li fèt, epi yo ap ka fè gerizon pou li si ta gen yon pwoblèm nan poumon l.

Si w pa ka jwenn asistans medikal, mete w prè pou ede ti bebe a respire apre l fin fèt (gade paj 241).

Nòt: Si ti bebe a nan pozisyon chita, li nòmal pou l fè pou pou pandan li ap fèt. Òdinèman pou pou sa a pap lakòz pwoblèm.

Reflechi sou depi ki lè fanm nan kase lezo

Depi manman an kase lezo, jèm ka antre byen vit anndan matris la. Pou evite enfeksyon, ti bebe a dwe fèt nan yon jou ak yon nwit (24 èd tan) apre manman an fin kase lezo. Sa vle di tranche a dwe kòmanse ozanviwon 12 èd tan apre l fin kase lezo.

Bay manman an asistans sa yo pou anpeche jèm antre nan vajen l pandan l ap tann tranche a:

- Pa fè egzamen vajinal.
- Pa mete anyen nan vajen manman an.
- Si manman an ap benyen, fè sèten pou li pa chita nan dlo a.
- Asire w manman an pa fè sèks oswa mete anyen nan vajen l.
- Apre manman an fin pipi oswa pou pou, fè l lave vajen l - kòmanse devan ale dèyè.
- De tanzantan chanje twal oswa dra kote li kouche a.



W ka eseye yon **metòd natirèl** pou kòmanse tranche a oswa pou chofe l (gade paj 191). **Si w rete lakay ak manman an, pa ba li remèd tankou oksitosen oswa misoprostol pou kòmanse tranche a.** Yo sèvi ak remèd sa yo sèlman nan sant sante.

Ki lè pou w chèche jwenn asistans medikal

Chèche jwenn asistans byen vit si tranche a pa kòmanse nan 8 a 12 èdtan, oswa si tranche a ta kòmanse men li fèb, epi si youn nan bagay ki pral site la a ta rive:

- Ti bebe a vin anvan lè l (mwens pase 8 mwa).
- Gen siy enfeksyon.
- Gen **chans** pou fanm nan te trape enfeksyon nan **fè sèks** (wè chapit 18, paj 320) oswa fanm nan te fèk genyen enfeksyon nan vesi osinon nan vajen.
- Manman an te mete yon bagay nan vajen l apre l te fin kase lezo.

Petèt li nesèsè pou w ale nan yon sant sante osinon nan yon lopital menm si pa gen move siy. Nan sant medikal la, yo ka bay fanm nan remèd pou kòmanse tranche a san danje.

Panse sou kantite tan sa ka pran pou w rive nan sant medikal la. Pa egzanp, si sant sante a ta yon distans 4 èd tan, epi tranche a pa kòmanse sou 8 èdtan apre fanm nan fin kase lezo, ou dwe kòmanse pran chemen sant medikal la. Si w ap pran yon jou nan wout anvan pou w rive nan sant medikal la, bay manman an antibyotik pou evite enfeksyon (gade paj 179), epi pran wout touswit.

Si w decide rete lakay




Bay manman an antibyotik pou evite enfeksyon epi byen siveye l sizoka ta gen siy enfeksyon. Si w gen tèmomèt, kontwole tanperati kò l chak 4 èd tan. Si yon siy enfeksyon parèt, chèche jwenn asistans medikal. Gade paj 179 pou plis enfòmasyon sou enfeksyon pandan tranche epi kouman pou trete l.

Siveye kòd lonbrit la lè l desann devan ti bebe a (kòd lonbrit la pase an travè)

Sa pa rive souvan, men lè manman an kase lezo, kòd lonbrit la desann nan vajen manman an devan tèt ti bebe a. Men nan ki sitiasyon kòd lonbrit la ka glise pase devan tèt bebe a:

- Gen anpil dlo.
- Ti bebe a piti oswa li fèt sou mwens pase 8 mwa.
- Ti bebe a nan yon move pozisyon.

Ti bebe a te twò wo nan matris la lè manman an kase lezo



Si kòd lonbrit la rive kroke devan tèt ti bebe a, osinon sou kote tèt li, petèt kòd lonbrit la tòdye ant tèt ti bebe a ak zo manman an. Sa ap bay pwoblèm pou san sikile nan kòd lonbrit la epi pou ti bebe a jwenn oksijèn. Nan ka sa a sèvo ti bebe a ka domaje oswa l ka mouri.


MOVE SIY

- Kòd lonbrit la sot deyò nan vajen manman an.
- Sibitman kè ti bebe a bat tou dousman – sitou apre manman an fin kase lezo – epi kè a pa retounen bat nòmral.
- Kè ti bebe a bat pi dousman (li pa menm bat 100 fwa nan yon minit) pandan chak kontraksyon.

Kisa ki pou fèt

Si ti bebe a vivan, ou dwe aji vit. Òdinèman sa k pi bon pou w fè se anpeche kòd lonbrit la rete sou tèt ti bebe a, epi mennen manman an lopital byen vit pou operasyon sezaryèn.

Si ti bebe a vivan, ou dwe aji vit. Òdinèman sa k pi bon pou w fè se anpeche kòd lonbrit la rete sou tèt ti bebe a, epi mennen manman an lopital byen vit pou operasyon sezaryèn.



Si w pa ka wè kòd lonbrit la, lave men w byen pwòp, epi mete gan ki byen pwòp. Answit, foure men w anndan vajen manman an pou chèche jwenn kòd lonbrit la devan tèt ti bebe a. Manyen kòd la byen dousman pou chèche poul la.

Si w ka wè kòd lonbrit la ap soti deyò nan vajen manman an, manyen l dousman pou chèche poul la.

Si poul kòd lonbrit la ap bat, ti bebe a ka viv, men se sèlman si w gen tan chèche jwenn asistans medikal touswit. Manman an ap bezwen fè sezaryèn pou l ka sove ti bebe a. Pandan w sou wout la, Mete manman an nan pozisyon sou jenou l, an menm tan fè l apiye sou pwatrin li, tèt li repoze a tè a, epi tay li anlè. Kenbe tèt ti bebe a pou l pa pran nan kòd lonbrit la.

Mete gan nan men w, pouse tèt ti bebe a tou dousman nan kò manman an pou l ka pa pran nan kòd lonbrit la. Si sa posib,

pa manyen kòd lonbrit la; men si enpe nan kòd lonbrit la ta soti deyò nan vajen manman an, eseye remete l anndan pou l ka rete cho e tou mouye (si w pa ka remete l anndan, vlope l nan yon twal pwòp).

Si distans lakay la ak sant medikal la long anpil anvan pou w rive, epi akouchman an prèske fèt, w ka rete lakay. Men w ap bezwen bay manman an bon asistans pou l pouse ti bebe a byen vit. Si ti bebe a fèt vivan, li ka bezwen èd pou l respire (gade paj 242).

Si poul kòd lonbrit la pa bat, sa vle di ti bebe a mouri. Rete lakay pou fè akouche an.



Chèche poul manman an

Chèche poul manman an chak 4 èdtan, menm si gen yon pwoblèm chèche l pi souvan. Gade paj 120 pou aprann pi plis sou kouman pou chèche poul.

Pandan tranche a, pou l manman an dwe rete prèske menm jan l te ye pandan gwosès la – poul la bat ant 60 e 100 fwa nan yon minit lè yon kontraksyon fini epi yon lòt poko kòmanse. Poul la ka bat pi fò pandan yon kontraksyon.

Plizyè kalite pwoblèm ka lakòz poul la bat vit:

- Enfeksyon (gade paj 179)
- Pèt-de-san (emoraji) (gade paj 183 ak 184)
- Dezidratasyon (kò chèch) (gade paj 159)
- Kè sote (gade paj 169)



Pandan tranche a, li nòmal pou poul la bat vit, sitou nan dezyèm etap tranche a. Se pa yon pwoblèm si poul la retounen bat nan nivo nòmal apre akouchman an.

Si poul la ba anpil, osinon si poul la kontinye desann pi ba, petèt se siy fanm nan gen yon move pèt-de-san oswa lòt kalite malèz (lafyèw, tansyon wo, elatrye). Chèche wè si gen siy ki moutre si gen san anndan kò manman an (gade paj 184).

Kontwole tanperati kò manman an



Kontwole tanperati manman an chak 4 èdtan, oswa pi souvan si tanperati a twò wo osinon si manman an kase lezo. Ale nan paj 119 pou aprann plis sou kouman pou kontwole tanperati kò manman an.


Si manman an santi l cho, osinon si tanperati l ant 37° C (98.6° F) e 38° C (100.4° F), li ka dezidrate (pa gen dlo nan kò l). Bay manman an bwè plis dlo, epi kontwole tanperati a pi souvan pou w wè si l moute plis.



MOVE SIY

Manman an gen lafyèw – tanperati kò l rive nan 38° C (100.4° F) oswa l pi wo – osinon kò l cho lè w manyen l.

Li petèt nòmal pou kò yon fanm vin cho anpil pandan l gen tranche, men òdinèman yon lafyèw ki pi wo pase 38° C (100.4° F) se siy enfeksyon.



Si manman an gen lafyèv, tcheke siy sa yo pou wè si li gen enfeksyon:

- Kè ti bebe a bat pi plis pase 180 fwa nan yon minit.
- Poul manman an bat plis pase 100 fwa nan yon minit.
- Vajen manman an gen move sant.
- Manman an gen doulè lè l pipi.
- Vant manman an fè l mal lè w manyen l.
- Manman an gen doulè nan ren.

Kisa k pou fèt

Piske tout sòt kalite enfeksyon nan tranche se anpil danje, ou dwe trete lafyèv la tou swit. Koumanse bay fanm nan anpil likid tankou dlo, sewòm oral (gade paj 160), osinon ba l te fèy ki ka desann tanperati a. manman an ka santi l soulaje tou si w benyen l ak yon sèvyèt mouye, sèvi ak dlo ki fre (pa dlo frèt).

Petèt li ka difisil pou w konnen sa k lakòz lafyèv ak enfeksyon. Si w panse fanm nan pèdi anpil anpil dlo nan kò l (li dezidrate), ba li likid nan dèyè (paj 342) oswa sewòm oral - si w konn kouman pou w fè sa (paj 350).

Gade si li gen: enfeksyon nan vesi (blad pipi) oswa enfeksyon nan ren (gade paj 128) epi malarya (gade paj 98). Si manman an sanble l pa gen youn nan enfeksyon sa yo, li ka fè enfeksyon nan matris li oswa nan sak amnyotik li (dlo ki pwoteje ti bebe a anndan matris manman an). Mennen l nan sant sante pou yo ka ba li antibyotik. Si sa ap pran plis pase inèd tan anvan pou w rive nan sant sante a, pandan nou sou wout la, bay manman an youn nan antibyotik sa yo nou pral site la a:



Pou enfeksyon nan matris pandan tranche a



Pandan nou sou wout pou ale lopital la

- Ba li 2 gram Anpisilinnan bouch, 4 fwa pa jou pandan 7 a 10 jou

Epi

- Ba li 400 a 500 miligram Metwonidazòlnan bouch, 3 fwa pa jou pandan 7 a 10 jou

Tansyon manman an

Si w genyen yon tansyomèt ak yon estetoskòp, kontwole tansyon manman an yon fwa chak inè detan (gade paj 122). Chak fwa ou pran tansyon l, ekri l sou papye pou w ka wè si gen chanjman.

Toutotan tansyon an rete pi ba 140/90 epi si li prèske menm ak tansyon li te genyen lè gwosès la, ou mèt kontwole tansyon an chak inèdtan sèlman. Si w remake tansyon an ap moute, menm si se tou piti, kontwole li chak trant (30) minit.



MOVE SIY

Tansyon an bese

Si toudenkou tansyon a pèdi omwens (kenz) 15 pwen nan valè anba a, se yon move siy ki danje anpil. Souvan, sa vle di manman an ap pèdi anpil san. Si w pa wè okenn san soti, petèt manman vant lan gen tan dekole (gade paj 184) – li bezwen asistans medikal tout swit.

Tansyon an moute

Lè tansyon an rive nan 140/90 oswa pi wo, se yon move siy. Fanm nan ka pral gen eklanmsi. Sa ka lakòz li tonbe kriz, manman vant lan ka dekole, emoraji nan sèvo, oswa lòt kalite gwo emoraji. Ni manman an ni pitit la ka mouri. Paj 125 bay plis eksplikasyon sou lè fanm pral gen eklanmsi



Si tansyon manman an moute 140/90 oswa pi wo epi li gen pwoteyin nan pipi l, sa deja moutre li pral fè eklanmsi. Chèche asistans medikal touswit.

If a woman has rising blood pressure, but you are not sure yet that she has pre-eclampsia, check for these other signs:

- strong headaches
- blurred or double vision
- sudden, steady pain in the top of the belly
- overactive reflexes (see page 125)

All of these can be signs of serious pre-eclampsia — get medical help. If she ever has blood pressure of 150/110 or higher, it does not matter if she has any other signs — get medical help immediately.

Lè fanm nan sou wout pou li ale nan yon sant sante, li dwe kouche sou bò gòch li bye trankil san fè twòp mouvman. Si gen posibilite, se pou andedan machin nan fè nwa. Tranche a ka kòmanse byen vit. Rete bò kote l sizoka pitit la fèt osinon si manman an fè yon kriz.

Manman an fè kriz

Fanm nan ka moutre siy ki di li pral fè kriz. Kalite kriz sa a rele eklanmsi.

Lè yon fanm fè kriz eklanmsi, li ka bay kèk oswa tout siy sa yo:

- je tounen lanvè
- men detire, figi tòdye
- kò rèd oswa kò tranble
- kò li vin tou ble
- souf li fò epi li fè yon gwo son
- endispozisyon

Li ka mòde lang li, pipi oswa poupou. Li ka fè plizyè kriz youn apre lòt. Apresa, dòmi ka pran l pou yon ti moman. Lè li reveye, li ka yon jan gaga epi li pap konnen sa kap pase.

Yon kriz ka dire kèk segonn jiska plizyè minit. Gen kriz ki pi rèd pase lòt, men tout kriz danje. Plis pase mwaye fanm ki fè kriz

nan tranche ap pèdi lavi yo oswa yo ap pèdi pitit la, osinon, yo toude ap pèdi la vi yo. Fè kou w konnen pou w jwenn asistans medikal lè kriz la fin pase.



Kisa pou w fè

1. Rete kè kal
2. Pa mete anyen nan bouch manman an. Li dwe ka pran souf alèz.
3. Mete manman an kouche sou kote pou l ka pa gen pwoblèm si l vle krache oswa vomi.
4. Retire zepeng, barèt ak tout lòt bagay pwenti oswa bagay file ki ka blese/pike manman an.
5. Bay manman an oksijèn si w genyen (gade paj 173).
6. Bay manman an medikaman.

Medikaman pou eklanmsi


Medikaman pou eklanmsi ka koze lòt pwoblèm (efè segondè) ki danje anpil. Poutèt sa, li pi bon pou fanm nan pran medikaman sa yo lè li nan yon sant sante oswa nan lopital. Medikaman sa yo ka fè manman an gen pwoblèm pou pran souf, oswa yo ka fè pitit la pa ka pran souf lè li fin fèt, sitou si yo bay manman an twòp medikaman. Nan paj ki ap vini an nou eksplike kouman pou w bay medikaman sa yo paske yo ka sove lavi manman an nan ka ijans. Sepandan, anvan w bay medikaman sa yo se pou w resevwa bon jan antrenman epi se pou w gen tan sou wout pou ale lopital oswa nan sant sante.

Si manman pran kriz, ba li Silfat-de-Magnesyòm. Si w pa genyen Silfat-de-Magnesyòm, ba li Dayazepam.



Silfat-de-Magnesyòm pou maladi kriz

- Bay 10 gram Silfat-de-Magnesyòm 50% solisyon.....5 gram nan chak bò dèyè antre piki a byen fon.




Anvan ou bay Silfat-de-Magnesyòm nan, konte konbyen fwa fanm nan pran souf chak minit. Pa ba li Silfat-de-Magnesyòm si w wè li pran souf mwens pase 16 fwa pa minit. Si li pran souf mwens pase 16 fwa pa minit apre w fin ba li Silfat-de-Magnesyòm nan, chèche asistans medikal san pèdi tan.

Dayazepam pou maladi kriz (si w pa genyen Silfat-de-Magnesyòm)

Lè fanm nan gen kriz, se pou w ba li Dayazepam nan twou dèyè. Fanm nan pap ka vale grenn nan, epi li pap fè anyen pou li si w bay li kòm piki.


Pou w prepare medikaman an:

Lave men w epi siye yo byen sèch; apres a mete gan. Mete remèd la nan yon sereng epi retire zegwi a nan sereng nan.



Antre tout tèt sereng nan nan twou dèyè fanm nan epi pouse manch la jiskaske tout remèd la ale andedan fanm nan.

Kenbe sereng nan andedan dèyè fanm nan pou senk (5) minit. Li ap rete tankou yon bouchon pou anpeche remèd soti tonbe deyò.



Dayazepam nan sereng:

- Bay 20 miligram Dayazepam nan yon serengnan twou dèyè fanm nan apre premye kriz la.

apres a, si li pran kriz, ankò

- Ba li 10 miligram Dayazepam nan yon sereng.....nan twou dèyè, omwens 20 minit apre premye dòz la

Si w pa gen Dayazepam an likid (pou mete nan sereng)

- kraze 20 miligram grenn Dayazepam; fè li tounen poud epi melanje l avèk enpe dlo fre ki byen pwòp (grenn nan pap fin fonn nèt, men melanje l avèk dlo a kanmenm).

Dabò, retire zegwi a nan sereng nan. Apres a, plen sereng nan avèk poud ki melanje ak dlo a epi antre sereng nan nan twou dèyè fanm nan – menm jan nou soti eksplike sa pi wo a.

(Si gen enpe nan remèd la ki soti nan dèyè fanm nan epi ki tonbe deyò, ou mèt ba li yon lòt 5 miligram Dayazepam ankò).

Bleeding during labor




Li nòmal pou gen san ki ap soti nan vajen manman an.

Glè a ka gen koulè wouj tankou san. Sepandan, se yon move siy si pandan tranche a manman an gen san ki kaye, san ki klere byen wouj oswa si li pèdi plis pase 200 mililit san (1 ti gode).

Senyen san doulè (manman vant twò ba)

Si yon manman ap senyen san doulè – lè yon kontraksyon fin pase epi yon lòt poko vini -, se ka paske manmanvant lan twò ba, sa vle di manmanvant lan kouvri kòl matris la (gade paj 112). Souvan se nan fen gwosès la ou ka wè si manmanvant lan twò ba. Anpil fwa premye siy nan se yon senyen ki gen koulè wouj klere (yon kantite ki ka mouye tout yon kotèks) lè manman an gen tranche. Chèche asistans medikal san pran tan. Lè manmanvant lan twò ba, fanm nan ka senyen epi mouri touswit apre matris la louvri. Poutèt sa, se yon danje si w rete tann pou senyen an vin pi grav. Pandan nou sou wout pral nan sant sante, bay manman swen si w ta remake li gen lòt pwoblèm tankou lafyèv, tansyon elatrye (wè 239

A placenta that covers the cervix, like this, will bleed fresh red blood when the cervix opens.



ATANSYON! Pa janm egzaminen andedan vajen fanm nan si li ap senyen san rezon. Sinon, ou ka pete manmanvant lan avèk dwèt ou e lè sa a senyen an ap vin pi grav.

Doulè nan matris

Si manman an santi doulè lè yon kontraksyon fin pase epi yon lòt poko vini, epitou si matris la rete byen di, oswa manman an santi doulè dwòl lè li gen kontraksyon, sa ka vle di:

- manmanvant lan dekole ak kòl matris la
- matris la chire.
- matris la enfekte

Manmanvant lan dekole

Si manmanvant lan dekole ak matris la, manman an ak tout pitit la nan gwo danje. Manman an ka mouri paske li ap pèdi anpil san ki soti kote manmanvant lan te kole a. Matris la pa kapab refèmen kote ki ap senyen an toutotan pitit la andedan. Pitit la ka mouri oswa li ka domaje paske li pa ka jwenn ase oksijèn ki dwe soti nan manman an.

- Vajen manman an gen dwa ap senyen, men gendelè san an pa soti deyò.
- Manman an gen kontinye gen doulè - lè yon kontraksyon fin pase epi yon lòt poko vini. Doulè a ka kòmanse tout piti, se sak fè ou dwe veye pou wè si li pa gen doulè dwòl. Danje a vin pi grav si doulè a kontinye ap vin pi rèd tanzantan.

MOVE SIY

Matris la vin di lè yon kontraksyon fin pase epi yon lòt poko vini, oswa li rete di toutan.


- Vant manman an anfle epi li fè l mal lè w manyen l .
- Manman an genyen plizyè lòt siy ki fè wè li pa nòm, tankou lafyè, tansyon, elatrye (gade paj 239).
- Kè pitit la ap bat byen vit (pi vit pase 180 batman pa minit) oswa li ap bat byen dousman (pi dousman pase 100 batman pa minit), osinon pitit la ka deja mouri (kè l pa bat).
- Pitit la fè mouvman tou piti oswa li pa fè mouvman ditou. Si w wè siy sa yo (manmanvant lan dekole), chèche asistans medikal san pèdi tan. Pa rete tann! Pandan ou sou wout lopital la bay manman an swen si w ta remake li gen lòt pwoblèm tankou lafyè, tansyon, elatrye (gade paj 239).

Matris Chire

Any of these things can cause a torn womb:

- | | |
|---|--|
| <ul style="list-style-type: none"> • Manman an te fè sezaryèn deja (nan akouchman anvan an). • Manman an deja fè omwens senk (5) pitit. • Pitit la kouche nan yon move pozisyon. • Manman an gen tranche long ak anpil doulè. | <p>Manman an genyen yon domaj nan basen l.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Gen yon moun ki te frape vant manman an, osinon vant lan frape epi li blese. • Manman an te pran kèk medikaman (nan bouch oswa nan piki) tankou Oksitosin pou fè tranche a kòmanse oswa pou fè tranche a vin pi fò |
|---|--|

Si w wè gen siy ki moutre matris la chire, menmen manman an lopital san pèdi tan – menm si lopital la byen lwen! Li ka mouri tèlman li ap pèdi san; pitit la ka mouri tou. Pandan ou sou wout la, trete manman an pou nenpòt lòt malèz li genyen (gade paj 239). Manman an ap bezwen fè operasyon pou ede rete san an; li ap bezwen pran san pou ranplase san l pèdi a; li ap bezwen antibyotik pou anpeche enfeksyon



Je w pa ka wè kote matris la chire a paske li anndan manman an. Sepandan, siy sa yo ap fè w konnen si li chire tout bon:

MOVE SIY

Manman an gen anpil doulè lè yon kontraksyon fin pase epi yon lòt poko vini; li gen yon sansasyon dechire nan vant li, epi doulè a bese.

- Manman an sispann gen kontraksyon.
- Manman an ka gen san ki ap soti nan vajen li (men gen lè okenn san pa soti).
- Manman an bay siy plizyè lòt kalite malèz tankou lafyèv, tansyon, elatrye (gade paj 239).
- Pitit la sanble li ap souke (pafwa yon jan twò wo) nan vant lan epi kè li pa bat.

Enfeksyon nan matris

Enfeksyon nan matris ka bay doulè tou. Yon matris ka vin enfekte lè move jèm ki antre nan matris la fè manman an malad. Siy pou enfeksyon nan matris se menm siy pou lòt kalite enfeksyon (gade paj 178). Lè fanm nan gen tranche, enfeksyon nan matris ka bay doulè andedan oswa anwo matris la lè yon kontraksyon fin pase epi yon lòt poko vini. Yon matris ki enfekte ka koze lòt kalite pwoblèm. Li paj 179 pou w wè kisa pou ou fè lè yon fanm gen enfeksyon nan matris.



Gade pou wè si gen pwogrè

Tout tranche pa vini menm jan. Genyen ki vini vit, genyen ki vini dousman. Sa pa yon pwoblèm. Sepandan, fòk gen pwogrè si se yon bon tranche. Pwogrè vle di tranche a dwe vin pi fò epi kòl matris la dwe ap louvri.

Toutotan tranche a ap vin pi fò, ou dwe wè gen plis nan siy sa yo:

- Kontraksyon yo vin fèt pi long, pi fò, e pi souvan.
- Matris la vin pi di lè w manyen l - lè li gen kontraksyon.
- Li vin gen plizyè lòt siy tankou lafyèv, tansyon, elatrye (gade paj 239).
- Li kase lezo
- Manman degobye, li swe, epi li vomi, oswa janm li ap tranble.
- Manman an vle pouse. Sa ka vle di dezyèm etap tranche a pral kòmanse oswa li gen tan kòmanse. Pa ankouraje manman an pouse toutotan ou pa sèten dezyèm etap la kòmanse (gade paj 195). Odinèman, si li pa kapab kenbe pouse a, sa vle di dezyèm etap la gen tan kòmanse.





ATANSYON! Gen fanmsaj ki ankouraje manman an pou li kòmanse pouse depi nan premye etap tranche a – anvan kòl matris la fin dilate nèt. Sa a se yon gwo danje. Si fanm nan kòmanse pouse twò bonè, kòl matris la ka chire oswa anfle, epi lè sa a li pap ka louvri. Menm si kòl matris la pa blese, tout pouse sa yo pap ede pitit la soti pi vit, sèlman li ap fè manman an vin pi fatige, epi akouchman an ap vin pi difisil. Kòmanse pouse twò bonè ka domaje mis manman an epi, apre li fin akouche, li pap ka byen kontwole blad pipi li ak sak pou pou li.



Pushing before the cervix is open is like trying to put on a shirt that is too small.

Ki lè pou w fè yon egzaminen vajinal

Sèl mwayen pou w sèten kòl matris la kòmanse louvri se pou ou egzaminen andedan bouboun nan. Sepandan, pliske egzamen vajinal bay plis chans pou fè enfeksyon, yo dwe fè li sèlman lè ou genyen yon rezon valab. Fò ou gen antrennman epi fò ou mete gan lè ou ap fè egzamen sa yo. Apre ou fin resevwa antrennman, ou ka swiv enstriksyon ki nan paj 339 pou ede ou fè egzamen vajinal, **sèlman si ou gen yon rezon valab pou fè sa.**

Men bagay ki ba ou yon rezon valab pou egzaminen vajinal:

- yon tranche ki long, ak anpil doulè, men ki pa fè pwogrè. Egzamen vajinal ap di ou si kòl matris la ap louvri.
- kòd lonbrit la pase antranvè. Lè ou ap fè yon egzamen vajinal, w ka retni tèt pitit la bò kote kòd lonbrit la (gade paj 176).
- nenpòt ka ijans. Yon egzamen vajinal ka di ou si w gen ase tan pou al chèche asistans medikal anvan akouchman an.

Piga ou janm fè yon egzamen vajinal si gen anpil san (ki pa nòmal) ki ap soti nan vajen nan (gade paj 112).

Tranche a twò long

MOVE SIY

Tranche a twò long lè kontraksyon yo dire plis pase douzè (12 è) detan pou fanm ki fè pitit deja, oswa plis pase 24 è pou fanm ki sou premye pitit yo. Gendelè, tranche long se pa yon pwoblèm; sa pa yon danje toutotan manman an repoze lè yon kontraksyon fin pase epi yon lòt poko vini, li ka bwè likid epi li pipi detanzantan. Sepandan, tranche long ka bay pwoblèm serye, tankou fistil (pipi san rete – gade paj 273), matris dechire, osinon manman an oswa pitit la mouri. Lè yon fanm gen tranche long, swiv li byen pou w wè ki move siy li genyen. Èske doulè a pran plis tan pou li tounen? Èske li gen siy enfeksyon? Èske li fatige depase? Èske batman kè pitit la nòmal?

Si pa gen siy pwogrè, oswa si tranche a dire plis pase douzè (12 è) detan, ka gen yon pwoblèm.

—● **Note byen:** Piga ou janm fè yon fanm santi li koupab si li gen tranche frèt ak ...anpil doulè. Ba li ankourajman – pa blanmen l.

Men kèk bagay ki ka fè tranche a frèt nan premye etap la:

Manman an gan kè sote, li fache, li sou tansyon, osinon li fatige depase. Tranche a ka frèt si pitit la nan yon move pozisyon kote li ka pa kapab soti, osinon si pitit la pa kapab pase nan pasaj manman an.

Manman an gen kè sote, fache, oswa sou tansyon

Kè sote ak tansyon ka fè tranche a vin frèt. Men kèk bagay ki ka mete manman sou tansyon lè li gen tranche:

- Doulè tranche a ba l kè sote.
- Se premye pitit li.
- Dènye pitit manman an te fèt tou mouri, oswa li te mouri apre akouchman an.
- manman an pa vle pitit la.
- Manman pa gen mari, mennaj, oswa fanmi ki pou ede l.
- gen pwoblèm nan fanmi an.
- manman an te viktim vyolans seksyèl lè li te piti oswa pandan li vin gran.

Fanmi ak vwazen ki gen move jan ka mete manman an sou plis tansyon epi fè l pi pè; moun sa yo pa dwe vini nan akouchman an.

Bon sipò nan tranche ak bon zanmi ka ede kalme lapè ak tansyon pou ede tranche a rekòmanse. Eseye pale avèk manman an. Move sansasyon, tankou solitud oswa paske manman an pa vle pitit la, se bagay ki ka fè tranche a frèt. Konpasyon epi kite manman an palede bagay ki fè l pè, se bagay ki mete manman an alèz. Kite manman an detann kò li. Si men l, janm li, ak figi l byen detann, sa ap ede kòl matris la louvri, epi sa ap ede tranche a vin cho. Ou ka ba li yon masaj, yon ben dlo cho, oswa mete rad cho sou kò li.

Sonje pran swen fanm nan byen ak anpil respè. Chèche jwenn lòt mwayen pou w fè fanm nan santi l kal e an sekirite:

- Fè l konprann kontraksyon yo bon pou li. Lè chak kontraksyon kòmanse, di l pou l respire fò epi pou l kite mis li yo detann (li paj 170 pou w wè kèk enfòmasyon sou respirasyon).
- Ba l ankourajman: di l li ap fè yon bon travay. Fè l sonje li se yon fanm vanyan.
- Mande l pou li imajinen matris la oswa kòl matris la ki ap louvri pou kite pitit la soti. Gen lòt fanm ki prefere panse ak lòt bagay – tankou bèl flè ki ap fleri.
- Fè li sonje chak kontraksyon ap ede pitit la soti.





Li fasil pou w wè yon manman gen kè sote oswa sou tansyon lè tranche a kòmanse fè mal. Rasire manman an doulè a se yon bagay nòmal ki ap ede l akouche. Si w kwè sa ka ede manman an, fè l konprann lè li sere kòl, tranche a ka vin pi long. Men pa fè l menas ni pa fè l wont.



Manman an fatigue depase.

Se nòmal pou manman an fatigue anpil. Sepandan, si manman an fatigue jouk li about, li ka vin genyen yon tranche ki twò long, pi danje, oswa tranche a ka kanpe. Si manman an fatigue anpil, bali te lejè ki gen anpil sik oswa siwomyèl, ji fwi, oswa sewòm oral (gade paj 160). Chèche wè nan ki kote nan premye etap tranche a li ye: tranche frèt, tranche cho, oswa fen tranche a.

Tranche frèt

Yon tranche frèt ka kontinye pou plizyè èd detan oswa pou plizyè jou. Si li kontinye konsa, manman an ka vin fatigue anpil epi li ka santi l dekouraje. Si w kwè li ap pran yon bon tan ankò anvan akouchman an fèt, manman an dwe repoze oswa dòmi nan lè li pa gen kontraksyon. Fè l rete kal e byen alèz. Ba li likid pou li bwè, ankouraje l; ou ka ba li yon masaj epi benyen l (si li poko kase lezo).

Nan zòn kote ou ye a, ka gen remèd fèy ki pou ede fanm dòmi. Si ou konnen remèd fèy ki ka fè fanm nan dòmi san yo pa fè pitit la anyen, ou mèt ba li yo kounye a.

Tranche cho



Si manman an gen tranche cho men li pa fè okenn pwogrè, epi l sanble li ap pran anpil tan anvan pitit la fèt, fè manman an manje, bwè, epi pran repo. Sepandan, ou dwe eseye wè si w ka fè tranche a kontinye (gade paj 191). Si sa fè plis pase douzè (12 è) detan depi l gen tranche men pitit la poko prèt pou fèt, menmen l nan yon sant sante. Soti pi bonè si sant sante a lwen.

Fen tranche

Si manman an nan fen tranche a, li ka rive fin akouche menm si li fatige anpil. Li bezwen ankourajman ak pasyans. Si manman an fatige depase, epi li pa gen okenn kontraksyon pandan plis pase inè (1 è) detan, oswa si yo kòmanse men yo pa fè pwogrè, menmen l nan yon sant sante.

Pitit la pa kapab antre nan pasaj

Si pitit la nan yon pozisyon ki difisil, oswa si li twò gwo pou pasaj manman an, pitit la pap ka soti. Nan ka sa a, manman an ap soufri ak tranche jiskaske matris la pete, epi li mouri ak emoraji andedan l, oswa ni li ni pitit la mouri akòz twòp fatig. Menm si li rive akouche, li ka vin gen anpil pwoblèm nan vajen li, nan vesi, oswa pou l kontwole pipi ak pou pou (fistila, wè pa 273). Gen plis chans pou pitit la pa kapab antre nan pasaj manman an si:



- manman an twò jèn epi basen l poko fin develop.
- manman an pat jwenn ase manje lè li te piti (li grandi ak ti kò oswa ti basen).
- manman an genyen yon domaj nan pasaj li.
- manman gen maladi dyabèt.
- pitit la gwo anpil, oswa li te grandi twò vit pandan gwosès la.
- tèt pitit la rete twò wo; ou ka santi tèt la anlè zo ki anba vant lan lè tranche a kòmanse.
- manman an te gen anpil pwoblèm lè pou l te pouse pitit li te fè anvan an; pitit sa a pi gwo toujou (pase pitit anvan).
- manman an gen tranche depi 8 a 12 è detan, men li pa fè okenn pwogrè. (si ou dwe ale lwen pou ou jwenn asistans medikal, deplase san pèdi tan).

You have been in labor all day and this baby feels even bigger than your last. I think we should go to the hospital.



Because you cannot know for sure if the baby is too big to fit, let the mother labor a few hours and see what happens. Most of the time, even a very big baby comes out fine. But if the woman has been in strong labor for more than 12 hours without signs that the birth is near, get medical help. She may need to have a cesarean surgery for the baby to be born.

Piske ou pa kapab konnen tout bon vre si pitit la twò gwo pou pasaj la, kite tranche a kontinye pou kèlke zè detan an plis epi ou ka wè kouman sa ye. Lepli souvan, menm si pitit la twò gwo, li ka soti san pwoblèm. Sepandan, si manman an gen tan pase plis pase 12 è detan ak tranche san li pa bay siy li prèske akouche, chèche asistans medikal. Li ka oblije fè pitit la pa sezaryèn.

Pitit la nan yon move pozisyon - oswa nan yon pozisyon ki enposib pou li soti Òdinèman, tranche a pi kout lè pitit la tèt anba, epi fas li ap gade do manman an. Si pitit la nan yon lòt pozisyon, li ka difisil oswa enposib pou manman an akouche.


Fas pitit la ap gade lestomak manman an (posteryè)

Si fas pitit ap gade devan, anpil fwa akouchman an ka fèt san pwoblèm, men òdinèman tranche a ap long. Ou ta mèt sèvi ak kèk metòd ki pa twò rèd pou ou fè tranche a vin cho (gade paj 191). Sa ka ede tou si w:

- mande manman an pou li rete nan pozisyon sou kat pat (sou de jenou ak de pla men) omwen pou inè detan. (Pa gen pwoblèm si li ta vle fè yon ti mache oswa detire janm li lè pwochenn kontraksyon an poko kòmanse.)



- mande manman an pou l fè egzèsis ki rele 'chat move', sa vle di pou li pou li mete de jenou l ak de men l atè, gonfle do, epi dèyè l antre. Li ka fè sa lè yon kontraksyon fin pase epi lòt la poko kòmanse.



Pozisyon sa yo ka ede pitit la vire pou faz li ka gade do manman an. the baby to turn and face the mother's back.

Figi oswa fontenn tèt pitit la parèt devan

Fason pitit la kenbe tèt li ka ralanti oswa anpeche akouchman an. Si tèt li oswa fon li parèt devan, li ka byen fèt san pwoblèm, men akouchman an ap pi difisil. Chèche jwenn asistans medikal. Pa eseye chanje pozisyon pitit sa a.

Most babies tuck their heads in like this:

This makes it easier for the head to fit through the mother's pelvis.



But sometimes the baby is face first:

This makes it much harder to fit through the mother's pelvis.



This baby is forehead first:

This baby usually cannot fit through the mother's pelvis.



Dèyè oswa pye pitit la parèt anvan


Lè se dèyè oswa pye pitit la ki parèt anvan, akouchman an ka pran anpil tan. Sepandan, si pitit la fèt bonè oswa kò li piti, tranche a ka ale byen vit. Pozisyon pye oswa dèyè devan sa a ka pi danjere pase lè tèt la parèt anvan. Li ka posib pou ou vire pitit la (gade paj 369). Si ou pa ka vire pitit la san danje epi ou pa abitwe fè kalite akouchman sa a, chèche jwenn assistance medikal.

Li paj 215 pou ou wè plis enfòmasyon sou akouchman kote dèyè oswa pye a parèt anvan.

Pitit la kouche sou kote

Yon pitit ki kouche sou kote andedan matris manman l pap ka fèt nan pozisyon sa a.

Pitit la ka vire byen fasil (gade paj 369). Sepandan, eseye vire pitit la sèlman si manman an te fè pitit deja, si li tann omwen 15 a 20 minit anvan li gen chak kontraksyon yo, li poko kase lezo, epi ou gen bon jan eksperyans nan fè timoun vire. Si ou pa kapab vire pitit la san danje, oswa si pitit la pa kapab vire, chèche asistans medikal san pèdi tan! Fò se yon doktè ki konn fè sezaryèn ki pou akouche manman an.



Yon pitit ki kouche sou kote pap ka pase nan pasaj manman an.

Mwayen san danje pou nou fòse tranche a

Si tranche a dire twò lontan, oswa si li lè pou tranche a kòmanse, gen mwayen san danje pou nou fòse tranche a. Mwayen sa yo pa gen danje ni manman an ni pitit la, epi yo ka bay tranche plis fòs.

Eseye fòse tranche a lè:

- manman an gen tan kase lezo, tèt pitit la nan pasaj, men tranche an poko kòmanse oswa akouchman poko prèt pou fèt.
- sa fè plizyè è detan depi tranche a cho, men li poko prèt pou akouche.
- sa fè plizyè è detan depi tranche a frèt. Tranche a cho pou l anpeche manman an rete an plas, men li pa fò ase pou l louvri kòl matris la.

Pa fòse tranche a si gen move siy ki moutre ou dwe menmen manman lopital.

Sitou piga ou fòse tranche a si pitit la kouche sou kote, si manman an ap bay anpil san, oswa si kè pitit la ap bat mwens pase 100 fwa pa minit. Si w fòse tranche a nan ka sa yo, sa ka mete pitit la an danje epi ou ap pèdi tan pou granmesi. Si w remake move siy, chèche asistans medikal san pèdi tan! Eseye nenpòt nan mwayen sa yo pou fòse tranche a, men si w wè anyen pa mache apre inè oswa dezèdtan, wè si ou ka menmen manman an nan yon sant sante l. Lè w rete twòp tan pou yon akouchman fèt, sa ka yon danje. Si w pa wè okenn siy pwogrè apre tranche a fin cho pou 8 a 12 zè detan, oswa si li sispann fè pwogrè pou plizyè è detan, menmen manman an nan yon sant sante san pèdi tan. Fè pi vit toujou si sant sante a nan yon distans ki plis pase inè (1 è) detan.

(Kòmanse li nan paj 341 pou w ka wè plis mwayen pou w fòse tranche a oswa pou bay tranche a fòs. Metòd sa yo gen plis ris, se sak fè ou ap sèvi avèk yo sèlman si pa gen lòt opsyon.)



ATTANSYON! Pa janm sèvi ak medikaman (tankou Oksitosin oswa Misopwostòl) pou fè yon tranche kòmanse si fanm nan lakay. Medikaman sa yo ka lakòz kontraksyon ki si tèlman fò, sa ka touye manman oswa pitit la

Mache epi fè mouvman

Anpil fwa tranche a vini ak plis doulè si manman an kanpe oswa mache, paske pitit la vin ap pouse kòl matris la desann epi sa vin lakòz pi gwo kontraksyon. Gen fanm ki ka gen pi gwo kontraksyon menm lè l chanje pozisyon. Gade paj 162 pou w jwenn plis enfòmasyon sou zafè pozisyon.



Sansasyon nan tete

Lè yon pitit ap souse tete manman l, kò manman an bay sa yo rele òmon oksitosin. Oksitosin nan ede manman an gen pi gwo kontraksyon. Si manman gen timoun ki nan tete toujou, mete timoun nan souse tete a. Si li pa gen timoun nan tete, mari li oswa



mennaj li ka souse tete a. Kite yo souse tete a pou 10 minit, kanpe pou yon lòt 10 minit, epi rekòmanse souse ankò. Si fanm nan pa vle pou moun souse tete l, li ka peze l epi fè masaj ladan l pou kont li. Li mèt kontinye manyen l epi fè masaj ladan l jiskaske kontraksyon yo vini ak plis fòs. Kontraksyon yo ta sipoze kòmanse vin pi fò apre demi è detan. Sepandan, si apres a kontraksyon yo pa vin pi fò, ou mèt konnen sansasyon nan tete a pap fè anyen pou li.

Masaj chinwa (Acupressure – peze byen fò sou kèk kote nan kò a)

Masaj ka fè tranche a kòmanse, oswa si tranche a frèt li ka ede l vin cho. Genyen yon kalite masaj ki rele “acupressure”. Ti non li se “Masaj chinwa” paske se yon metòd moun peyi Lachin sèvi pou yo fè tretman. Pou w fè masaj sa a, peze byen fò sou kèk kote nan kò moun nan.

Kontinye li pi paj sa a ak paj kap vini an pou w wè ki kote pou w peze ak pous ou. Chèche kote yo di w la epi pase pous la toutotou jiskaske ou jwenn yon kote ki sansib/ki ap fè fanm nan mal. Lè ou jwenn kote sa a, fè yon minit ap peze l. Si sa mache byen, lè w manyen li ap fè fanm nan sansib oswa li ap santi kèk doulè bò kote ou peze a. Epitou, li ka santi pitit la kòmanse deplase, li ka kòmanse gen plis enèji, oswa li ka santi yon doulè anba vant li.

Si w konnen kèk lòt kalite masaj ki ka fè tranche a kòmanse, sèvi ak yo! (Men pa peze twò fò sou vant fanm nan. Sa ka fè manmanvant lan dekole ak matris la) Anvan ou fè masaj chinwa, fè fanm nan detann kò li byen. Fwote pye li oswa ba li yon masaj ak lwil nan ren li. Lè kò a byen detann, ou mèt kòmanse fè masaj chinwa a (acupressure).


Andedan janm nan, 4 dwèt anwo jwenti pye a

Premyeman mete 4 dwèt sou je pye a – pa andedan janm nan. Apresa, peze sou kote ki pi wo dwèt ou yo. Peze sou zo a. Fè ti mouvman moute desann ak gwo pous w, oswa vire pous la tou won tankou ou ap fè ti sèk.



Nan men - nan mitan gwo pous la ak dwèt la

Metete dwèt ou yo nan de pla men l, epi metete gwo pous ou sou do men l yo. Fwote gwo pous ou yo tou won tankou lè ou ap fè ti sèk. Li bon pou ou peze menm jan nan kote sa a pou ou ka ede fanm ki gen tranche a santi mwens doulè.



Nan pye - bò kote gwo zòtèy la

Si de premye metòd yo (anwo jwenti nan janm nan epi nan men an) pa mache apre 5 oswa 10 minit, osinon si manman an sou tansyon oswa kè li pa kontan, eseye peze tou pre gwo zòtèy li. Fwote gwo pous ou tankou ou ap fè ti sèk tou won. Pa fè masaj nan plas sa a si manman an ap bay san.



Men kèk lòt kote sa ka mache byen:


Nan mitan je l yo

Fè dwèt ou pouse moute tou dousman sou fon manman, sitou si kò manman an on jan rèd.




Sou tèt zepòl li yo

Peze byen fò pou anviwon yon (1) minit (oswa konte 30 segonn). Kanpe pou 2 oswa 3 minit epi rekòmanse ankò. Kontinye konsa pou yon bon bout tan. Sa a se yon bon pou ou peze menm apre akouchman an sizoka manman an ta fè enfeksyon. nan tete.



Anba je pye l

Si timoun nan rete twò wo twou pasaj la, peze kote sa a pou li ka desann.



Anba pla pye a

Si okenn nan bagay sa yo pa ede l, peze anba pla pye a byen fò.

Sa a se yon kote ki ka ede yon fanm ki gen anpil kè sote.



Swiv tranche a ak anpil atansyon. Si masaj chinwa a (acupressure) ap bay bon rezilta, ou ap wè kontraksyon yo kòmanse oswa yo ap vin pi fò apre 10 minit. Si sa pa mache touswit, fanm nan mèt fè yon ti mache epi eseye ankò. Toutotan ou wè masaj chinwa a ap bay bon rezilta, kontinye fè l jiskaske tranche a ka rete cho nèt ale. Se yon bagay ou ka bezwen kontinye fè pandan kèk minit oswa pou plizyè èd detan.